

SOVE ak MIZIK



Gloria Estefan te fèt 1e septanm 1957, non jèn fi li se Gloria Maria Fajardo. Li se premye pitit manman l ak papa l. Li gen yon tisè, Rebecca (non jwèt li se Becky). Depi lèli fèt, Gloria ak tout fanmi li, te viv nan Havana, Kiba. Manman li te pwofesè, papa li, Jose Fajardo te ofisye nan lame kiben.

An 1957 lagè te pete Kiba, anpil kiben te kouri viv Ozetazini. Yo te rele yo refijye. La fanmi Fajardo te nan gwoup refijye sa yo. Yo te vini viv nan Miyami. Florid. Papa Gloria te retounen al batay nan lagè kont Fidèl Castro, ti ranfòse gouvènman an. Gloria ak manman ni te poukont yo nan Etazini, pandan ke papa l te nan prizon Kiba.

An 1962 gouvènman Ameriken an te deside ede pou li fè lage prizonye politik yo. Papa Gloria te vini retounen Ozetazini de twa jou avan Nwèl.

An 1966 Jose Fajardo, te deside al nan lagè Vyetnam kòm volontè. Li te rete Vyetnam pandan dezan. Depi li te retounen, fanmi a te wè li pat two bon. Li te ap pede tonbe. Nan de twa mwa, papal pat kapab mache. Li vini malad grav. Manman Gloria te ap travay kòm pwofesè. Gloria te oblije ap okipe papa l ak tout ti sè li. Li te tounen youn manman nan kay la. Depi laj onzan jiska laj sèzan. Pou Gloria te bliye pwoblèm li, li te konn koute mizik, li te konn chante e li te konn jwe gita. Lan chanm ni li te konn tande mizik pou yon bann tan. Gloria di: “ Lè papa m te malad mwen te konn sèvi ak mizik pou mwen bliye pwoblèm”.


Lè Gloria te nan kolèj, Li te kòmanse chante ak yon djaz. Se an panyòl sèlman Gloria te konn chante. Se sa ki fè dyaz “ Miami Latin Boys” te yon dyaz ki te trè popilè nan Amerik Latin. Apre sa Gloria vin komanse chante an Anglè. Se kon sa djaz la vini popilè nan Miyami. Yo fè yon pakèt chante ki popilè anpil. Emilio Estefan te chanje non djaz la pou “ Miami Sound Machine”

Emilio ak Gloria te marye 1e septanb 1978. Depi lè sa Gloria ak Miami Sound Machine te ap misik.

An 1990 Gloria rankontre prezidan George Bush nan mezon Blanch. Li te resevwa yon meday pou travay li te fè ak jèn moun yo. Lèli te ap retounen lakay li li te fè yon grav aksidan. Doktè pat konnen si li te ap viv. Gloria pat bay legen.. Ennan apre le te rekòmanse chante.

Gloria se yon gwo chantèz, li pa bliye moun ki nan nesesite. Ni li ni Emilio sonje yo te pòv. Li ede anpil timoun ki gen pwoblèm. Li se yon vedèt ki gen bon kè.

Katriyèm ane – Tèm 5 – Heroes-Gloria Estefan



devwa	nèr	Nòt mizik	antrenman
Bous detid	direktè	reklam	veteran
espesyalize	evantiyèlman	kanif	Zo nan kou
paralize	terapi	pasyone	Pa janm fatige